

**ДÆ ДЗÆБÆХТÆ ДОНИ КУ КАЛАЙ АБОНИ, УÆД ДÆ ИСОНИБОНИ ДИН ЕЦИ МИУÆ ФÆСМОЙНАГ ИСУОДЗÆНÆЙ!..**

***Константин ПАУСТОВСКИЙ (1892-1968), финсæг: «Дæ райгурæн бæстæ æцæгæй некæд бауарздзæнæ, дæ мадтæлон æвзаг ку нæ уарзай, уæд. Æ мадтæлон æвзагмæ кудфæнди цæстæй ка кæсуй, устурзæрдæ ибæл ка ‘й, е гъæддаг æй. Е ци æй, уомæй æй зианхæссæг, уомæн æма е ‘взагмæ кудфæнди цæстæй ка кæсуй, е дзорæг æй, æ адæми евгъуд дзамантæ, æ абониккон бон æма æ исонибон æй мисхали бæрцæ дæр ке нецæмæн гъæунцæ, уобæл...»»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

№25 (1041) 2026 анзи 4 июль – сосæни мæйæ

Аргъ 1 туман


## БÆРÆГБОН



### УАРЗТÆЙ ТУХГИНДÆР – УАРЗТ

Алли анз дæр 8 июли бæрæггонд фæццæуй Уæрæсей бийнонти, уарзондзийнади æма æновуддзийнади бон. Арæзт æрцæуй берæ аллихузон зæрдрохсгæнæг мадзæлттæ. Æма мах дæр абони нæ газети 6-7-аг фæрстæбæл уой фæдбæл мухур кæнæн хецæн æрмæгутæ.

**РÆСТАУОДÆГ Æ ФÆНДТИ ТУХХÆЙ РАДЗОРÆ-БАДЗОРИТÆ НÆ КÆНУЙ, ФАЛ СÆ БÆЛВУРД АРХАЙДÆЙ ЦАРДГЪОН КÆНУЙ!..**

# КÆСТÆРТИ МÆТÆ – ХЕСТÆРТÆН БАЛÆДÆРУЙНАГ!..






Нур кæдæй æма кæдæй ардæмæ еци дзорæги дзорæн нæ дзиллæмæ, еци корæги си корæн, цæмæй нæ мадтæлон æвзагбæл мухури фæрæзнитæ – газет «Дигорæ» æма журнал «Ирæф» – рафинсонцæ, æновуд сæбæл уонцæ. Фал нæ игъосæг ба уоййасæбæл нæййес, æма еци уавæр цæйбæрцæбæл æнæраст æй, уой балæдæрдтæнцæ нæ кæстæртæ æма хестæрти фезгули кæнуни ихæс сæхемæ райстонцæ. Гъе уотæ балæдæрун æнгъезуй мæнæ æрæги Чиколай сувæллæнтти къуар нæ республики адæмон артисткæ, Ирæфи райони сувæллæнтти исфæлдистадон еугонди разамонæг **Цæрикъати Рими** æма райони киунугæдони сæргълæууæг Дзоблати Рими хъæппæресæй ци мадзал исаразтонцæ нæ мадтæлон æвзаги, газет «Дигорæ» æма журнал «Ирæф»-и цардгъондзийнади сæрбæлтау ци алæмæти зæрдæмæдзæугæ мадзал исаразтонцæ, уой. Еци æмбурдæй рацудæнцæ гъæунгти, сæ къохти адтæй дигорон æвзаги кадæн зæгъдтити хæццæ плакаттæ, уотемæй. Еци цæугæ-цæугæй ба аййевæй дзурдтонцæ дигорон æвзагбæл финст æмдзæвгитæ, иурстонцæ газет «Дигорæ» æма журнал «Ирæф»- хецæн номертæ.

Адæмæн аци мадзал сæ зæрдæмæ хъæбæр фæццудæй. Фал цума сæмæ багъардзæнæй кæстæрти мæтæ æма фæрразæнгард уодзæнæнцæ газет «Дигорæ» дæр æма журнал «Ирæф» дæр дзиллонæй рафинсунмæ? Уой рæстæг равдесдзæнæй. Мæнæ ци мадзали кой кæнæн, уой туххæй ба æрмæг кæсетæ 4-аг фарсбæл.


**НÆ УОДВАРНИ ГЪОМУСАДИ СÆРБÆЛТАУ АРХАЙУНÆЙ ИХÆСГИН АН ЕУГУРÆЙ ДÆР**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2026 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 394 СОМИ 38 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 345 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР ИУАРÆГ ПОСТХÆСГУТÆМÆ ДÆР**

Газет «Дигорæ» 2026 анзи дуккаг æмбесæн нерæнгæ рафинстонцæ æдеугурæй 145 адæймаги. Ци фæцайтæ, Дигорæ? Газет «Дигорæ» ма рафинсæн ес 13 июли уæнгæ. Ма базийнадæ кæнетæ!..



http://gazeta-digora.ru
E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

*Æрæги исбæрæг æнцæ республикон преми «Мегадоктор: 2026 анзи Цæгат Иристони медицинон райрæзтмæ устур байвæрæн»-и уæлахезонтæ: уæлдæр къæпхæни дохтир-травматолог ПЛИТИ Марат, дохтир-онколог-маммолог Иннæ ПЕТРИАШВИЛИ, дохтир-кардиолог, медицинон наукити кандидат БИГЪАНАТИ Руслан.*

## АХСГИАГ ФАРСТА




## ХЕВАСТ МИУТÆ КУД НЕКЕ КÆНА!..

Цардиуаги еугур къабæзти æнæкъулумпи кусти, террори нихмæ, инфраструктурон кустуæттæ, организацитæ æма æхсæнадон уагæвæрд зингисервæзтитæй багъæуай кæнуни мадзæлттæбæл дзуапдæттæг республикон Оперативон штабæн æрæги ци æмбурд арæзт æрцудæй, уой бони фæтки сæйрагдæр адтæнцæ Цæгат Иристони хуæдтолгитæн артаги нæхъæртондзийнадæ æма ибæл федуни æргътæ æнæбундорон исбæрзонд кæнун нæ бауадзуни хæццæ баст фарстатæ рæй. Республики Сæргълæууæги æма Хецауади пресс-службæ куд фегъосун кодта, уотемæй федаргонд æрцудæнцæ фæстауæрци æнæййевгæ норматив, уæдта уæлрадон æма коммуналон службити моторон артагæй ефтонг кæнуни фæткæ. Уомæй уæлдай, æркастæнцæ региони артаг æма энергетики объекттæ терроризмæй багъæуай кæнуни кусти бæрæггæнæнтæмæ.

Æмбурдæн разамунд лæвардта нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** æма райдайæни æ радзубанди тæккæ фиццагидæр адтæй, артагæй нуртæкки кадавардзийнадæ райеуварс кæнуни туххæй ци мадзæлттæ арæзт цæуй æма ма никкидæр æнæмæнгæ ци исаразун гъæуй, уобæл. Æ загъд адтæй:

– Артагæвгæнæн станцити æнæбундоронæй æгæр хæлæфгонд ке цæуй артагбæл, уой фудæй си устур кезутæ исæвзуруй, æргътæ дæр си фæббæрзонддæр унцæ. Уомæ гæсгæ уобæл байархайун гъæуй, артагæвгæнæн станцити хецæуттæ артаг минкъийдæр уæйæ кæнуни унаффæ сæхуæдтæ ма хæссонцæ. Нури хузæн тухстаг уавæр ку исæвзура, уæд гъæуама унаффæ хæсса айдагъдæр республики Оперативон штаб. Артагæвгæнæн станцити хецæуттæ сæхуæдтæ артаги æргътæбæл ку исхуæцонцæ, кенæ ба минкъийдæр ку уæйæ кæнонцæ, уæд сæ нихмæ гъæуама карз мадзæлттæ конд æрцæуа.

Еу загъдæй, федарæй хатдзæггонд адтæй: адæмæн дæр æма æхсæнадæн дæр ахсгиаг гъуддæгути хеваст миутæ кæнуни барæ æгириддæр некæмæн ес, уой ка нæ лæдæра, уомæй ба гъæуама карз дзуапп агурд цæуа.

Æмбурди архайгутæ ма æрдзубанди кодтонцæ республики цæргутæ, кустуæттæ æма социалон ахедундзийнадæ кæмæн ес, еци организацитæ æнæкъулумпитæй артагæй æфсадунæн уæлæнхасæн мадзæлттæбæл.

## СÆРÆН КЪАХ КУ УА, КЪАХÆН БА – СÆР, УÆД ХÆДЗАРÆ АМОНДИ НАДБÆЛ РÆСТВÆНДАГ КÆНУЙ!..

*Зундгонд куд æй, уотемæй Уæрæсей Федераций æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министр Михаил Мурашко æрæги косæг балций хузи бабæрæг кодта Цæгат Иристон. Æма бæлвурдæй базонгæ ‘й, нæ республики цæргутæн медицинон агъаз гъомусгиндæрæй дæттуни фарстатæ куд æнхæстгонд цæунцæ, нерæнгæ си ци ес зæрдæмæдзæугæдзийнадæй æма ма си ци ес æнæмæнгæ райаразуйнаг. Еци фарстати фæдбæл цудæй дзубанди Михаил Мурашкойæн нæ республики Сæргълæууæг Сергей Меняйлой хæццæ ци фембæлд адтæй, уоми дæр.*



Сергей МЕНЯЙЛО æма Михаил МУРАШКОЙ разамундæй арæзт æмбурди.

# ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДÆ ГЪÆУАЙКÆНУЙНАДИ ФАРСТАТÆМÆ – ЛÆМБУНÆГ ЦÆСТДАРД

Региони разамонæги хæццæ фембæлуни разæй федералон министр бабæрæг кодта къуар медицинон косæндони, се ‘хсæн – Цæгат Кавказi берæкъабазгин федералон центр Беслæни, уæдта бундорон цалцæггонди фæсте феврали ка байгон æй, Дзæуæгигъæуи еци цуппæрæймаг поликлиники фиццаг дæлхайадæ. Республикон клиникон сæйгæдонæ бабæрæг кæнгæй, комкоммæ базонгæ ‘й дадзинтти центр æма æртиккаг æмвæзади арæндони кусти хæццæ.

Бæлвурддæрæй дзубанди ба рауадæй, Хецауади хæдзари æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади актуалон фарстати фæдбæл арæзт сæрмагонд æмбурди. Разамунд ин лæвардтонцæ **Сергей Меняйло** æма **Михаил Мурашко**. Архайгæ ба си кодтонцæ æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади къабазæмæ цæстдарæг Федералон службi разамонæг **Аллæ Самойлова**, æнæмæнгæ медицинон фæдзæхстади Федералон фонди сæрдар **Илья Баланин**, Уæрæсей æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади Министради федералон уагæдæнтти дæлхайæдти минæвæрттæ Цæгат Иристони.

Æмбурд байгон кæнгæй, Сергей Меняйло зæрдиагæй райарфæ кодта Михаил Мурашкойæн, æ разамундæй федералон ведомство нæ регионæн еудадзуг ке агъаз кæнуй уой туххæй, æма федарæй зæрдæ байвардта, еумæйаг хъауритæй республикон æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади системи архайд никки ке фæххуæздæр уодзæнæй æма республики алли цæрæгмæ дæр ке хъæртдзæнæй.

– Фæстаг æнзти нæ къохи бафтудæй медицинон косæндæнтти материалон-техникон базæ фæффедардæр кæнун национ проекттæ æма федералон программитæ æнхæст кæнуни фæрци, – загъта Сергей Меняйло. – Мах нуриккон косæнгæрзтæй раурон-циуонæй ефтонг кæнæн поликлиникитæ, амбулаторитæ æма фельдшерон-акушерон пункттæ, устур æргом æздахæн медицинон




Михаил МУРАШКОЙ фембæлд нæ республики медицинон косæндæнтти косгути хæццæ.

къабази райдайæн цæги райрæзтмæ, уомæн æма республики алли цæрæги æнæнездзийнадæбæл дæр фиццаг кезуй етæ дæттунцæ дзуапп. Уæрæсей Федераций Президент æма дæу агъазæй мах абони райдæдтан аразун Республикон пульмонологон центр. Гъавæн нæуæгæй бундоронæй райаразун æма исаразун онкологон диспансер æма Мæздæги арæндонæ.

Æ радзубандий ма куд фегъосун кодта, уотемæй идарддæр дæр куст ке цæуй республики дзæбæхгæнæн уагæдæнттæ нуриккон медицинон техникæй исефтонг кæнунбæл, медикти фæлтæрддзийнадæ фæббæрзонддæр кæнунбæл, адæмæн нæуæг гъæугæ объекттæ аразунбæл.

Михаил Мурашко ба æ радзубандий куд баханхæ кодта, уотемæй абони æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади системи æййивддзийнæдтæ баст ке ‘нцæ, куд гъæугæ финансон фæрæзнити хæццæ, уотæ æндæр гъуддæгути хæццæ дæр, райдайæ раст диагностикæй, сæйгæмæ лæмбунæг цæстдард æма ин бæрзонд технологион агъаз раттунæй фæууо:

– Медицини райдайæн цæги модернизаций проект æнхæстгонд цæуй Уæрæсей Федераций Президент **Владимир Путини** фæдзæхстмæ гæсгæ, æма евгъуд æнзти региони æ еугур къæпхæнтæ дæр се ‘мгъудтæмæ конд æрцудæнцæ. Аци анз регион онкологон центрæн райсдзæнæй ефтонггæрзтæ радиофармацевтикон препарати агъазæй æртасæнтæ аразунæн. Нæ абони косæг балций рæстæг мах фæууидтан тагъд агъаз есæн модулон хайади арæзтадæн дехгонд ка ‘рцудæй, еци фæзуат. Е æй уæлрадон (экстренный) пациентти нуриккон хайадæ. Национ проект «Бийнонтæ»-йи фæлгæти нуртæккæ регионмæ æрбацудæй 180 миллион сомемæй фулдæрей аргъ ефтонггæрзтæ. Еци ефтонггæрзти фæрци дзæвгарæ фæббæрзонддæр æй нæуæгигурдтæн реанимацион агъаз раттуни æмвæзадæ. Фиццагидæр, ами фæззиндтæй сæ уолæфт син фæххуæздæр кæнуни мадзæлттæ. Сæйрагдæр ба – фæгъгъомусгиндæр æй акушерон агъаз, мадæ æма сувæллонмæ цæстдарæг нæуæг технологити фæрци. Куд фæууидтон, уотемæй персонал еци æгъдауæй æнтæстгинæй архайуй.

Фембæлди архайгутæ ма æрдзубанди кодтонцæ, Цæгат Иристони æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади къабази идарддæри ирæзти национ нисантæ, æнæмæнгæ медицинон фæдзæхстади территориалон программæ куд æнхæстгонд цæунцæ æма æндæр ахсгиаг фарстатæбæл.

Нæ республики æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министр **Митцити Астан** радзурдта республики мæлуйнадæ фæмминкъийдæр кæнуни фæдбæл ци мадзæлттæ арæзт цæуй æма ма никкидæр арæзт цæудзæнæй, уобæл. Куд загъта, уотемæй абони регионалон Хецауади æмвæзадæбæл куст цæуй, цæмæй бунæттон хеунаффæйади администрацитæ адæми разæнгард кæнонцæ профилактикон мадзæлтти разæнгарддæрæй архайунмæ.

Куд нисангонд цæуй, уотемæй 2027 анзи федералон проект «Уæлрадон медицинон агъаз фæххуæздæр кæнун»-и фæлгæти Республикон клиникон сæйгæдони бундорбæл арæзт æрцæудзæнæй къуар мадзали: сæйгитæ есæн уати инфраструктурæ æнæгъæнæйдæр æййивд æрцæудзæнæй, уодзæнæй си нуриккон диагностикæгæнæн ефтонггæрзтæ, æма уой фæрци сæйгæн тагъд медицинон агъаз раттуни маршрут дзæвгарæ фæццубурдæр уодзæнæй, æ хуæрзгъæдæддзийнадæ ба – бæрзонддæр.

Номдзуд финсæг Туйгъанти Аслæнбеги фурт Батæрбеги райгурдбæл абони, 4 июли æнхæст кæнуй астинсæй анзи (1866-1921). Фиццагидæр е ратæлмац кодта нæ мадтæлон æвзагмæ номдзуд «Коммунистон партий Манифест».

*Цæгат Иристони экономикон министради игъосункæнуйнагмæ гæсгæ, нæ республики абони æнхæстгонд цæунцæ æстдæс æма инсæй проекти, сæ еумæйаг аргъ æй 143 миллиард соми. Уони фæрци нæмæ гъæуама фæззиннонцæ кусти 11,7 бунати. Ка ‘й зонуй, республикон бюджетмæ æфтуйæгтæ дæр кæдимайди ба фæффулдæр уиуонцæ æма уоййасæбæл кадавар нæбал уидæ.*



УÆРÆСЕЙ ФЕДЕРАЦИЙ СОЦИАЛОН ФОНДИ ЦÆГАТИРИСТОЙНАГ ХАЙАДИ ПРЕСС-СЛУЖБÆ ИГЪОСУН КÆНУЙ

# ГЪÆУГÆ ГЪУДДАГ РАГАЦАУ АРÆЗТ КУ ЦÆУА...

Уæрæсей Социалон фонди цæгатиристойнаг хайадæ пенсион карæ ралæууни размæ адæми хæццæ ци проактивон куст æнхæст кæнуй, уой фæрци еци адæмæй сæ дæс æма цуппаринсæй процентемæн аци анз сæ гæгъæдитæ рагацау арæзт æрцудæнцæ.

Пенсийæн гæгъæдитæ аразуни размæ ке банхæст кæнунцæ, еци мадзæлтти фæрци фæууй гъæугæ бæрæггæнæнтæ исбæлвурд кæнуни фадуат, пенситæ æнхæстæй фист куд цæуонцæ, уотæ.

Куст рагацау нимæдзон уагæй æнхæстгонд ке æрцæуй, уой фæрци пенситæ æвæруни æмгъуд фæццубур æй. Зæгъæн, Социалон фонди регионалон хайадæ феддонти фулдæр хай исæвардта фондз косгæ бонемæ (гъома, закъон пенсити фулдæр хайæн гæгъæдитæ исаразунæн ке дæттуй, еци æмгъудæй дууæ хатти раздæр).

– Федæни пенсиесгути хæццæ косун райдайæн пенсион кари ралæудæй дууæ анзи раздæр. Аци рæстæгмæ нæ хайади специалисттæ федæни пенсион гъуддаги хузæг бацæттæ кæнунцæ, уæдта хецæн адæймаги хигъдтæ исбæлвурд кæнунцæ, - зæгъуй Уæрæсей Федераций Социалон фонди цæгат-иристойнаг хайади разамонæг **Милдзихти Аслан**.


Къарæ ист æй социалон хизæгтæй.

Куст рагацау банхæст кæнунæн амунд хайади специалисттæ 1963-1967-аг æнзти игурд нæлгоймæгтæ æма 1968–1972-аг æнзти игурд силгоймæгти хонунцæ клиентон службитæмæ. Æрбацæуæг адæмтæ сæ хæццæ гъæуама æрбахæссонцæ паспорт, уæдта фæллойни стаж, ахурадæ, сувæллæнтти райгурд, æфсæддон служби æмгъуд, муггагмæ, ном æма фиди номмæ хаст æййивддзийнæдтæ æвдесæг æндæр документтæ.

Сæрмагонд хигъди уавæри туххæй рафинст бафæдзæхсгæй, адæймагмæ ес портал «Госуслуги»-й фæрци цалдæр минуттемæ хе стажи туххæй бæрæггæнæнтæ исбæлвурд кæнуни барæ. Бæрæггæнæнти финст фæуунцæ фæллойнадон архайди æмгъудти, индивидуалон пенсион коэффициентти нимæдзæ æма æндæр социалон æмгъудти (æфсади службæ, сувæллæнттæ æма нæкосунгъон адæймæгутæмæ зелуни æма æндæртæ) туххæй хабæрттæ.

Уæ зæрдæбæл уин лæуун кæнæн: аци анз фæдзæхстадон пенсий барæ ес 1962 анзи ка райгурдæй 64-анздзуд нæлгоймæгтæмæ æма 1967 анзи райгурæг 59-анздзуд силгоймæгтæн (кæд адæймагмæ ес тæккæ минкъийдæр 15 анзей дæргъи стаж æма 30 пенсион коэффициенти).

Фарстатæ уæмæ кæд уа, уæд уин ес **8-800-100-00-01** телефонæй Уæрæсей Социалон фонди еумæйаг контакт центрмæ лæвар бадзоруни барæ ес (Уæрæсей Федераций Социалон фонди цæгатиристойнаг хайади линий кусти фæткæ: авдисæрæй цуппæрæнмæ – 9.00 сахаттемæй 18.00 сахаттей уæнгæ, майрæнбони ба 9.00 сахаттемæй 16 сахатти æма 45 минуттей уæнгæ).

# УÆЛÆНХАСÆН ФЕДДОНТÆ ГЪÆУУОНХÆДЗАРАДОН ПЕНСИЕСГУТÆН...

Бæсти Социалон фонди цæгатиристойнаг хайадæ нæ региони цæрæг мин адæймагемæн гъæууон хæдзаради кусти туххæй федуй пенсимæ уæлæфтауæн æхца.

Тæккæ минкъийдæр дæс æма инсæй анзей дæргъи аграрон къабази ка бафæллойнæ кодта æма пенси исæвæруни рæстæг гъæути ка цардæй, уæхæн нæкосæг пенсиесгутæн гъæууон хæдзаради дæргъвæтийнæ кусти туххæй пенсимæ уæлæфтауæн æхца исæвæрунцæ.

Карæ кенæ сахъатдзийнадæмæ гæсгæ, фæдзæхстадон пенсимæ федаргонд феддонæй 25 проценти ке бæрцæ ‘й, еци аллимæйон уæлæфтауæни бæрцæ алли анз фулдæр кæнунцæ. Аци анз 9584 соми ке федаргонд бæрцæ ‘й, еци фæдзæхстадон пенси ка есуй, уæхæн адæмæн пенсимæ уæлæфтауæн æхцай бæрцæ ‘й 2396 соми. Пенсиесæг гъæуæй сахармæ ку раййева, уæддæр ин æвæрд бафтауйнаг æхца багъæуай кæнунцæ.



Къарæ ист æй социалон хизæгтæй.

– Пенсимæ уæлæфтауæн æхца исæвæрунцæ проактивон уагæй, фæдзæхстадон пенсийæн документтæ аразуни рæстæг (уой хæццæ, пенсиесæг ку нæ коса, уæд ин уæлæфтауæн æхца федунцæ айдагъ уæхæн рæстæг).

Пенсиесæг нæуæгæй косун ку райдайа, уæд агъази амунд мадзæлттæн рæстæгмæ кæрон исæвæрунцæ. Пенсиесæг кустæй ку рандæ уй, уæд пенсимæ бафтауйнаг æхцатæ нæуæгæй хуæдбарæй, кустдæттæгæй ист бæрæггæнæнти бундорбæл, курдиадæ нæ барветгæй, исæвæрунцæ, – зæгъуй Уæрæсей Федераций Социалон фонди цæгатиристойнаг хайади разамонæг **Милдзихти Аслан.**

Уæрæсей территорибæл гъæууонхæдзарадон кустуæтти ке æнхæст кодтонцæ, пенсийæн уæлæфтауæн æхцатæ исæвæруни рæстæг банимайунцæ, фонсдарунади, кæсалгæдарунадæ æма зайæгойти къабæзти æнхæстгонд уæхæн куст. Æнхæст номхигъдмæ хаунцæ 500 дæснийадемæй фулдæр (зæгъæн, агрономтæ, фонси дохтиртæ, механизатортæ, трактористтæ). Адæймаг циуавæр бунат ахæста, уой нæ нимайгæй 1992 анзи 1 январи уæнгæ колхозти, совхозти, зæнхкосæг (фермерон) хæдзарæдти кенæ гъæууонхæдзарадон артелти кусти æмгъудтæ гъæууон стажи бахинцунцæ.

Дæс æма инсæй анзон стажмæ бахæссунцæ айдагъ гъæууон хæдзаради кусти æмгъудтæ нæ, фал ма сувæллæнттæмæ зелуни рæстæг, уæдта æнцойнæуагъд æма фæссæйгæ уни æмгъудтæ дæр. Уомæй уæлдай, гъæууон хæдзаради кусти хуæдфæсте сæрмагонд æфсæддон операций архайди æмгъудтæ дæр кæд цудæнцæ, уæд пенсимæ уæлæфтауæн æхцатæ бафтауни фæдбæл барæ бæлвурд кæнуни рæстæг аци æмгъудтæ банимайдзæнæнцæ (уой хæццæ, аци æмгъудтæ дувæр бæрцæй бахинцдзæнæнцæ).

Фарстатæ уæмæ кæд байзадæнцæ, уæд уæмæ ес 8-800-100-00-01 телефонæй Уæрæсей Социалон фонди еумæйаг контакт центрмæ лæвар бадзоруни барæ (Уæрæсей Федераций Социалон фонди цæгатиристойнаг хайади линий кусти фæткæ: авдисæрæй цуппæрæни уæнгæ – 9.00 сахаттемæй 18.00 сахаттей уæнгæ, майрæнбони ба – 9.00 сахаттемæй 16.00 сахатти æма 45 минуттей уæнгæ).

ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УИДÆ!..



Императрицæ Екатеринæ Дуккаг хъæбæр зæрдихудт кодта англисаг министрадæбæл, сæ парламенти Уæрæсей нихмæ булгъахъ дзубандитæ ке ракæнидæ, уой туххæй. Уæрæсей нихмæ æргомæй истох кæнунгъон нæ уогæй, англисæгтæ ибæл цъифкалæнтæ кодтонцæ аллихузон фауæн дзæнгæдатæй. Уæд дин еци рæстæг англисаг минæвари ку бафæндæуидæ Екатеринæ Дуккаги хæццæ фембæлун. Æма имæ фæдздзурдтонцæ Зуймон галауанмæ, уоми косæн уатмæ ку бацудæй, уæд е ‘рдæмæ рæйгæй рауадæй императори къæбис. Минæвар фæкъкъех æй.

– Ма тæрсæ, милорд, – загъта ин Екатеринæ Дуккаг. – Рæйгæ ка кæнуй, е хуæцагæ нæй æма тæссаг нæй…

***

*Евгъуд рæстæгути хабæрттæ рæстæгæй-рæстæгмæ æрбанæуæг унцæ, зæгъгæ, хумæтæги нæ фæззæгъунцæ. Уотæ ке æй, уой уинæн мæнæ абони дæр. Нигулæйнаг паддзахæдти разамонгутæй беретæ Уæрæсей бунисæфтмæ бæргæ бæллунцæ, фал сæ фуриливдæй сæ бон ба айдагъдæр е æй, æма нæ фудкойтæй цъах-цъах кæнунцæ. Сæ еци миутæ ба æнцæ, нæ номдзуд Иван Крылови финст зундгонд æмбесонди пилбæл ка рæйдтæй, еци данкъай æдулидзийнади хузæн. Данкъай къес-къосæй пилæн куд неци адтæй, уотæ Уæрæсей нихмæ томаргæнгутæ дæр алкæддæр састи бунати уодзæнæнцæ.*



**Владимир ПУТИН, Уæрæсей Федераций Президент: «Гъо, мах уинæн зиндзийнæдтæ, лæдæрæн сæ, дзуапп син дæттæн. Гъæуама æдасдзийнади мадзæлттæ конд цæуонцæ, цæмæй нæ граждæнтæ дæр æма нæ бæстæ дæр еумæйагæй цæронцæ сабур уавæрти. Уæрæсей арæнтæмæ æвналæн нæййес, мах уомæ тундзæн. Нæ фæзуæттæ, инфраструктурæ ‘взарунцæ террористон фидбилизтæ, æма син мах нихкъуæрд дæттæн…»**

* * *

– Не ‘ндагон æзнæгтæ нæ нихмæ ци аллихузон фудмиутæ аразунцæ, етæ нæ кæд цæмæйдæрти хъоргæнæг æнцæ, уæддæр нæ гъæуама къехгæнæг ба ма уонцæ. Æма, уони фудæй нин не ‘нтæсуй нæ цардарæзти хабæрттæ хузæнонæй аразун, зæгъгæ, рæуонæ дæр ма уонцæ. Цæмæй нин æнтæса, е ба нæхецæй аразгæ ‘й, уæлдайдæр ба хецаудзийнадæй – бæсти медæгæ гъæуама федар уа æгъдау, бæрнондзийнадæ.



**Франсуа-Мари ВОЛЬТЕР (1694-1778), францæзаг финсæг: «Цалдæр æнаккаг магосай сæ губунтæ ку ‘схуæрунцæ, уæд сæ косæн уæттæй æндæмæ дæр нæ рацæунцæ, уотемæй бардзурдтæ дæттун райдайунцæ, миллионгай адæмти цæгъдетæ, зæгъгæ…»**

* * *

– Абони дæр минкъий нæ ‘нцæ дуйней сабурдзийнадæбæл æверхъаудзийнæдтæй артæндзаргутæ. Уонæн сæ карздæр архайгутæй ба ‘й аци номдзуд финсæгæн æ райгурæн бæсти разамунд – Украини Уæрæсей нихмæ ахъелæг æма ин уомæй агъазгæнæг. Уотæ Америки Еугонд Штаттæ æма æ хъозæнттæ – ци фидбилизтæ ба нæ низманстонцæ дуйней алли рауæнти…

Етæ еугурæй дæр Уæрæсей нихмæ арæзт цæунцæ, фал сæ фудвæндитæй неци рауайдзæнæй. Уой хилкъахгутæ сæхуæдтæ дæр, æвæдзи, лæдæрунцæ, æма сæ фурмæстæй тъæппитæ дæр уомæ гæсгæ хаунцæ…



**МАМСУРАТИ Дæбе (1909-1966), финсæг: «Адæймаги æфхуæрæг ку уа, уæд имæ цæй бæрцæ тухæ разиндзæнæй, уой неке зонуй…»**

***

Гъе уотæ, нæ Фидибæстæ нин бафхуæрунмæ еске ку багъавуй, уæд нæ сабурцардгæнæг адæммæ уоййасæбæл агъазиау тухæ разиннуй, æма æфхуæрæгæн хъæбæр фæсмойнаг исуй æ фудвæндæ, сæрцъæрæмухститæй къес-къосгæнагæ куййи уавæри ку равзуруй, уæд æй барæ-æнæбари дæр балæдæруй æ сæргъæндзийнадæ.

**Цæгат Иристони АССР-и æскъуæлхт хузæгæнæг, Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл Паддзахадон премий лауреат Хетæгкати Акими фурт Хъазбеги райгурдбæл 10 июли æнхæст кæнуй дæс æма цуппаринсæй анзи (1936-1985).**

*Марсель ГАЛИЕВ, тæтæйраг финсæг: «Адæймаги цæрæгойтæй хецæн кæнунцæ æртæ гъуддаги: æвзаг, зар æма зæрдæбæл даруни гъомус. Бæргæ, аци æртæ менеуæги æмдухæй ку ирæзиуонцæ, æма ма син дин æ рохсæй агъазгæнæг ку уидæ!.. Уæд уод куд æнæнес уидæ!..»*

## БÆРÆГБОНИ АРФИТÆ



## ДÆ ХУÆРЗГÆНÆГÆН УО РÆСТМÆ АРГЪ КÆНУНГЪОН

*Аци мæйи нисанеуæггиндæр цаутæн сæ ахсгиадæр е æй, æма 5 июли бæрæгонд цæудзæнæй Цæгат Иристони профцæдесон æзмæлди райарæзти Бон. Уой фæдбæл, ка 'й зонуй, уоййасæбæл агъазиау мадзæлттæ арæзт ку не 'рцæуа, уæддæр ни алкæмæн дæр æй берæ цæмæйдæртæй зæрдтагон бæрæгбон. Уой æ бæрæгбони арфи нистауæни бахахæ кодта культури косгути Еумæйагуæрæсеуон профцæдеси Цæгат Иристони республикон организаций сæрдар* ***Годжити Еленæ*** *дæр. Æ загъд æй:*

– Райдайæн профцæдесон организаций сæрдар ун абони хъæбær вазугин æма бæрнон гъуддаг æй. Уой нимайгæй, федарæй мæ бон æй зæгъун, æма нæ раздзæугутæ 'нцæ хъæбæр фæлмæнзæрдæ, зæрдæмæесагæ, рæстаг, æндиуд адæймæгутæ, искурдиадæгин æма арæхстгин разамонгутæ. Сæхецæн неци хуæрзагадæ агоргæй, удуæлдайæй ка хъиамæт кæнуй сæ коллективти фарни сæрбæлтау.

Зæрдиагæй комкоммæ арфæ кæнун нæ разæнгардæй архайгутæй алкæмæн дæр, нæ сæйраг нисантæбæл уæ еузæрдиондзийнади æма нæ еумæйаг гъуддагбæл æновуддзийнади тухæй, уæдта уой тухæй дæр, æма уæ уарзон коллективти цардиуагон гъуддæгути сæрбæлтау ке не 'вгъау кæнетæ уæ рæстæг дæр æма уæ хъаурitæ дæр!

Федар æнæнездзийнадæ, нифс æма разæнгарддзийнадæ, устур æнтæстдзийнæдтæ уæ профессионалон архайди, сабурдзийнадæ, дзæбæхдзийнадæ æма фæрнугдзийнадæ уин зæгъуй мæ зæрдæ.

Уадзæ æма уæ царди алли бон дæр идзагæй-идзагдæр уа зæрдрохс гъуддæгутæй æма нæуæг æнтæстдзийнæдтæй!..

* * *

*Годжити Елени аци арфитæмæ мах дæр æфтауæн нæхе арфитæ – уомæн æма мах дæр, республикон газет «Дигорæ»-йи косгутæ дæр, профцæдеси иуонтæ ан. Зонæн æй, нури рæстæги берæ цæмæйдæрти кадавар рæстæгути профцæдестæн фæллойнæгæнгути цардиуаги уавæртæ зæрдæмæдзæугæдæр кæнунбæл архайди сæ гæнæнтæ æма равгитæ нæ фагæ кæнунцæ, берæ цæмæйдæрти хъоргонд цæунцæ. Фал уæддæр, сæ бон ци æй, уомæй ба архайунцæ сæ комкоммæ ихæстæ уæддæр æнхæст кæнунбæл. Æма си уомæй гъæуама арфиаг уæн – куд фæззæгъунцæ, дæ хуæрзгæнæг дин рæстзæрдæй ци фæууа, уомæй ин уо рæстмæ аргъ кæнунгъон.*

***ХЕКЪИЛАТИ Маринæ, газет «Дигорæ»-йи райдайæн профцæдесон организаций сæрдар.***

## «КУ УАЙДÆ» ДЗОРÆГ ГЪУДДАГАРАЗÆГ НÆЙ, «ИСАРАЗДЗÆНÆН» ЗÆРДÆВÆРÆГ ÆНДÆР ХАБАР ÆЙ!..







ТАНДЕЛАТИ Розæ æма зундгонд композитор, Цæгат Иристони культури æскъуæлхт архайæг ДЗОБЛАТИ Анатолий армдæснити ахурти архайгути хæццæ.

# КÆСТÆРТИ МÆТÆ – ХЕСТÆРТÆН БАФÆНЗУЙНАГ!..

Нæ мадтæлон æвзаги, нæ фидтæлтиккон æгъдæутти алæмæтдзийнадæ багъæуай кæнун æма сæ нæ исонибони фæлтæртæбæл еци федауцæй исæмбæлун кæнæн, зæгъгæ, еци дзубандитæмæ гæсгæ зæрдæбæл æрбалæууй мæнæ ауæхæн хабар.

Цæветтонгæ, не 'мзæнхон лæг Сафар æригонæй рафтудæй Туркмæ æма уоми цæргæй байзадæй. Æ фидиуæзæг бабæрæг кæнун ба ма æ къохи бафтудæй, ку æрзæронд æй, уæд. Æрфусун кодта Къорай гъæуи Уорсдони билгæрон уæлвон рауæни æ хæстæгутæмæ. Еухатт æнæмæтæй гъазæг биццеутæ 'й æрæстæфтæнцæ цидæр æнахур уавæри: къæлæти хузæн ниггубур æй, утемæй бадтæй фахси къелабæл æма мæтъæл цæстингасæй ниндзаст æй Мæнтæкъуппи гъæди къохмæ, æ сабийдоги е 'мгæртти хæццæ æ рæстæг кæми æрвиста, уордæмæ. Æ цæститæй лæдæрстæй цæстисуг.

Æ кеми ку 'рцудæй, уæд æрæстæфтæй сабийти десгæнгæ цæстингас æма син загъта:

– Сувæллони зæрдæбæл алцидæр берæ лæууй. Баруагæс уи уæд, мæ дзубанди. Æз Турки цæрун, фал алли æхсæвæ дæр уинун еци-еу фун – цума еудадзугдæр дæлæ еци гъæди къохи бæлæсти буни гъазун. Фидиуæзæг… Уомæн æмбал нæййес… Æз ардæмæ æрбацудтæн мæнæ аци гъæди къох фæууинунмæ… Æма бабæй мæ нæуæгæй цæун гъæуй ардигæй, нæуæгæй бабæй хецæн кæнун аци гъæди къохæй…

Зæронд лæгæн бабæй æ цæстисугтæ рахгæдтонцæ æ цæститæ. Æма еци зæрдхъурмæй ма загъта:

– Мæ кизгæ ми курдта, цæмæй ин Уорсдони билæй циккидортæ æрласон… Æз ин сæ гъæуама фæлласон…

Уæхæн æй фидиуæзæг – сабийбонти имисуйнаги хузæн адгин…

Аци хабар раимисгæй, уой зæгъуйнаг ан, æма еци кизгæн æ хестæртæ кæддæр æцæгæлон бæстæмæ ку рагоц кодтонцæ æма 'й æ фидтæлтиккон зæнхæй ку фенæхай кодтонцæ, уой хузæн мах дæр нæ мадтæлон æвзаги ирисхъæбæл абони æнæмæтæ ке ан, уой фудæй си æнæхай кæнæн нæ исонибони фæлтæрти. Æма етæ дæр, еци кизгæ Уорсдони билæй æхецæн циккидортæ æрласун куд курдта, утæ хестæртæй нæ агордзæнæнцæ сæ мадтæлон æвзаги фарнæ? Æма син ци ратдзинан, не 'взаг нæ абони æнæзунд миуи фудæй азари амæттаг ку бауа, уæд? Гъуддаг ба, баруагæс уи уæд, уомæ цæуй – уомæн æма нæ мадтæлон æвзагбæл дзорунмæ нæ сæр нæбал хæссæн, нæхецæн æй ихæсбæл нæ нимайæн, хестæрæй-кæстæрæй нæ дигорон æвзагбæл еунæг газет æма еунæг журнал рафинсун æма кæсун. Уотæ уомæ гæсгæ зæгъæн, æма анзæй-анзмæ минкъийæй-минкъийдæр кæнунцæ, уæддæр ма сæбæл æхцул ка 'й, еци адæймæгути бæрцæ.

Нæ аци зæрдунгæггæнæн дзубандити кæстæрти кой хумæтæги нæ ракæнæн. Уотæ нæмæ кæсуй, æма нæ дигорон æвзаг, нæ дигорон газет æма журнали ирисхъи тухæй нæ хестæртæ куддæр æнæмæтæ 'нцæ, уæд нæ кæстæртæ ба зингæ-зингæ æновуддæрæй архайæг разиннунцæ. Уомæн æвдесæн – мæнæ æрæги Чиколай нæ мадтæлон æвзаг цитгин кæнуни нисанеуæгæй арæзт ка 'рцудæй æма сабийтæ хъæбæр разæнгардæй кæми архайдтонцæ, еци мадзал.

Ку зæгъæн, еци арфиаг гъуддаг арæзт æрцудæй нæ республики адæмон артисткæ, Ирæфи райони культури сувæллæнтти исфæлдистадон еугонди разамонæг **Цæрикъати Рими** æма æ æмархайæг райони киунугæдони сæргълæууæг **Дзоблати Рими** хъæппæрисæй, агъазгæнгутæ ба син иссæнцæ райони культури къабази косæг хестæртæ.

Мадзали уæлдай æновуддæрæй архайгутæ ба иссæнцæ сувæллæнттæ. Хъæбæр зæрдæхцæуæнæй æрбамбурд æнцæ, алкедæр си фæндадтæй еци хуарздзийнади фескъуæлхун. Райони культури артдзæсти тургъæй устур къуарæй ранæхстæр æнцæ æма гъæунгти цæугæй, сæ къохти хастонцæ сæхе конд плакаттæ, дигорон æвзаги кадæн сæбæл се 'мгъæуккаг, Цæгат Иристони адæмон поэт **Бабочити Руслани** æмдзæвгитæй курухон гъудитæ финст, утемæй. Еци цæугæ-цæугæй ма сувæллæнттæ гъæрæй кастæнцæ дигорон æвзаги кадæн æмдзæвгитæ, уонæн сæ фулдæр адтæнцæ Бабочити Руслани финст. Мадзали архайгутæ ма сæ хæццæ рахастонцæ газет «Дигорæ» æма журнал «Ирæф»-и хецæн номертæ æма сæ иурстонцæ, ка сæбæл æмбалдæй, уонæн. Е дæр хуарз æргъудидзийнадæ 'й – кæдимайди ба фулдæр адæм фæрразæнгард уиуонцæ дигорон æвзагбæл мухури фæрæзнитæ рафинсунмæ æма сæ редакцити косгути нæбал гъæуидæ еудадзуг табу-мендар кæнун уой тухæй.

Аци гъуддаг арæзт ке 'рцудæй е, æнæмæнгæ, берæ цæмæйдæрти ахсгиаг æй: еумæй, ирæзгæ фæлтæр æхцулдæр кæнунцæ мадтæлон æвзагбæл, иннемæй ба, хестæртæ дæр æй кæд æма балæдæриуонцæ, нæ кæстæртæн цæйбæрцæбæл зæрдтагон æй нæ мадтæлон æвзаг æма раузн-циуондæрæй архайун байдайиуонцæ æ цардгъондзийнадæбæл.

* * *

Мæнæ ци цауи кой кæнæн, уой хæццæ ма æрæги Чиколай арæзт æрцудæй еума цæмæдесаг гъуддаг. Арæзгæ ба 'й, «Цæгат Иристони адæмон армгустдæнттæ багъæуай кæнуни тухæй», зæгъгæ, национ проекти фæлгæти искодта **Танделати Розæ**, Дзæуæгигъæуи 13-аг астæуккаг скъолай армдæснити къуар «Талатæ»-йи разамонæг. Зæгъун гъæуй уой, æма æ дæсни разамунди фæрци аци къуар ахид исуй аллихузи еугуруæрæсеуон этнографион конкурсти уæлахезон. Ахурдзаутæн уæлæнхасæн сæрмагонд гъомбæладон-патриотон программæ ке исаразта, уой тухæй иссæй «Ахургæнæги моралон бæгъатæрдзийнадæ»-йи конкурси лауреат. Танделати Розæн æ уодуæлдай фæллойни тухæй аккаггонд æрцудæй майдан «Иристони Намусæн», хуарзæнхæггонд ма 'рцудæй нæ республики Хецауади Кади гæгъæдитæй.

Искурдиадæгин силгоймаг Ирæфи райони сабийтæн ци ахурадон мадзал исаразта, уоми лæмбунæг æма хумæтæг æвзагæй амудта къохæй дзаумæуттæ аразуни кустити, нæ адæмон æгъдæутти сосæгдзийнædтæ: дзаумæуттæ хуйун, цъиндатæ бийун, халæй хузтæ æвæрун, авдæнæ рæвдзæ кæнун æма æндæр гъæугæ гъуддæгутæ. Уонæй арæхсун нури кæстæртæн, æнæмæнгæ, исбæздзæнæнцæ сæ изолдæри царди, уæлдайдæр ба кизгуттæн. Сабийтæн еци ахуртæ сæ зæрдæмæ хъæбæр ке фæцæцудæнцæ, уæдта сæмæ разæнгарддзийнадæ ке фæззиндтæй, уобæл ба дзорæг æй е дæр, æма ахурти кæронбæттæни Танделати Розæмæ фæллæвардтонцæ дзæвгарæ фарстатæ, кæцитæбæл син е дæр зæрдиагæй дзуапитæ лæвардта.

Федарæй ни æруагæс кæнуй, æма сабийтæ ци райдайæн зонундзийнæдтæ райстонцæ еци бон, уони раизолдæр кæндзæнæнцæ аййевади артдзæсти къохдæснийади къуæртти. Уадзæ æма, нæ рагфидтæлтæнин къохдæснийади хуарздзийнæдтæ ниуугътонцæ, уони ирисхъæн зæрдæмæдзæугæ исонибон уа.

**БИЧИЛТИ Алетæ**



КАЛОТИ БАРИСИ НАУКОН ФÆЛЛÆНТТÆ – НÆ ДЗИЛЛÆН ЦÆМÆДЕСАГ

# ФИДТÆЛТИ БÆРÆГБÆНТТÆ ХУÆРЗÆГЪДАУÆЙ ФЕДАУНЦÆ



Къарæ ист æй социалон хизæгтæй.

**Сæрдæ ‘й, нæ адæмæн сæ бæрæгбæнттæн сæ фулдæр бæрæггонд ку фæццæунцæ, уæхæн афонæ. Зæгъун гъæуй уой, æма алли анз дæр дзиллæ зæрдæхцæуæнæй базгули унцæ, цийнæйдзагæй сæхе фæццæттæ кæнунцæ бæрæгбон исбæрæг кæнунмæ. Уомæ гæсгæ ба ахсгиаг æй, нæ бæрæгбæнттæ федауцæй, нæ рагфидтæлтæ си алкедæр æ нисанеуæгмæ гæсгæ куд бæрæг кодтонцæ, еци æгъдæуттæ бæлвурдæй зонун æма сæ рæстадæй æнхæст кæнун.**

**Аци загъдмæ гæсгæ нæ газеткæсгутæй беретæ, æвæдзи, бацæмæдес кæндзæнæнцæ æма нæ фидтæлтæ уæддæр куд бæрæг кодтонцæ нæ бæрæгбæнттæ æма си ци уæлдай ес, абони сæ куд бæрæг кæнæн, уомæй, зæгъæ. Уой фæдбæл дзуапп раттунæн нæ фæндуй æримисун, нæ курухон лæгтæй еу, дзенетибадæг ХЪАНТЕМУРАТИ Эльбруси зæгъуйнæгтæ.**

## Æ ФÆЛЛÆНТТÆ НИН АБОНИ ДÆР МА ПАЙДАЙАГ

Хъантемурати Эльбрус æ рæстæги куста нæ республики еугонд музейи, æ алæмæти зонундзийнæдтæй деси æфтудта, нæ адæми фольклор, истори, археологи, æгъдæуттæ æма культури ци фарстатæ нæ зудта, уæхæн, æвæдзи, нæ адтæй. Дессаги æновудæй архайдта нæ историон хæзнатæ, нæ адæми уодварни алæмæтдзийнади æвдесæнтæ æма æвзаг багъæуай кæнунбæл дæр. Иристони уæхæн гъæу æма бунат нæ байзадæй, Эльбрус кæми нæ адтæй. Алли рауæн дæр æмбурд кодта рагон дзаумæуттæ, дзурддзæугæ хестæрти дзубандитæй финста нæ рагфидтæлти хабæрттæ, таурæхътæ.

Зæрдтагон рахастдзийнæдтæ ин адтæй мухури фæрæзнити редакцити хæццæ, журналисттæ дæр æхцæуæнæй фембæлиунцæ æ хæццæ, мухур ин кодтонцæ æ зæгъуйнæгтæ, æ гъудитæ.

Берæ имæ адтæй цæмæдесаг историон æрмæгутæ, æма сæ æнæвгъауæй бахай кæнидæ дзиллæн, уæлдайдæр ба дзиллон хабархæссæг фæрæзнити фæрци, æма ин мæнæ абони ци зæгъуйнæгтæ мухур кæнæн, уони ракодта журналистти хæццæ фембæлгæй. Е кæд раги адтæй (æ дзубанди финст æрцудæй 2004 анзи июни), уæддæр, уæд ци гъудитæ загъта, уони æримисун æнгъезуй, уомæн æма, махмæ гæсгæ, ес си, абони дæр нин ка бабæззидæ, уæхæн пайдайæгтæ.

## АЛЛИ ÆГЪДАУÆН ДÆР Æ БУНДОРОН МЕДЕС ЗОНУН ГЪÆУЙ

– Нæ адæмон бæрæгбæнттæн сæ уедæгтæ арф æностæй, недзамантæй цæуынцæ. Æма лæмбунæг ку æркæсæн, уæд си еу менеуæг рабæрæг уй: догтæ кæрæдзей куд æййевунцæ, уотæ не ‘гъдæуттæмæ дæр алли нæуæг фæлтæр дæр цидæр нæуæгдзийнæдтæ кæд бахæссунцæ, уæддæр се ‘носон медес ба æййивд нæ цæуй, растдæр зæгъгæй ба, гъæуама æййивд ма цæуа, кæрæй-кæронмæ табуйаг уа еугур фæлтæртæн дæр. Уомæ гæсгæ ба ‘й зонун гъæуй, еци медеси сæйрагдзийнадæ цæй медæгæ ‘й, уой.

– Нæ фидтæлтæ Хуцаумæ, изæдтæ æма идаугутæмæ кувтонцæ кæдзосзæрдæй. Бæрæгбони размæ дууæ къуæрей раздæр сæхе цæттæ кæнун райдайиунцæ. Силгоймæгтæ сæ сувæллæнттæн нæуæг уæледарæс бахуйиунцæ. Дзиуари бунмæ цудæнцæ айдагъдæр нæлгоймæгтæ. Дзиуарилæгбæл ба, бæгъæнбад уогæй, уорс дарæс уидæ. Къахидæреси цæун уордæмæ не ‘ргъизтæй. Нур ба рæстæгутæ раййивтонцæ, æма еци табуйаг гъуддæгутæ уоййасæбæл нимади, гъулæггагæн, нæбал æнцæ – адæмæй, хестæртæй дæр, кæстæртæй дæр беретæ бæгъæнсарæй, игонгубунтæй, сауæнгæ ма кæрдтæ æма дамбацати хæццæ дзиуари бунмæ ‘рбацæунцæ. Раст нæй е. Æма си цæмæй аци æнæгъдаудзийнадæ ма уа, е ба фулдæр дзиуарилæгæй арæзгæ ‘й. Бæрæгбони размæ телеуинунадæй нæ адæммæ ку дзориуонцæ, еци бон, зæгъгæ, бæрæгбон удзæнæй, æма æнæгъдау арæзт фæсевæд уордæмæ уагъд нæ цæудзæнæнцæ, зæгъгæ, уæд æй еугурæй дæр кæдимайди ба балæдæриуонцæ æма бæрæгбони фæткæ дæр хузæнон уидæ.

– Эльбрус, Тумбул гъæди дзиуарæ кенæ фæззæгти лæгти дзиуари ковæн къуæре Иристони адæмæн еу æнцæ, уæддæр сæ бæрæг ба кæнунцæ аллихузон бæнтти: ка – къуæре раздæр, ка ба – фæстæдæр.

– Æз дзиуарилæг нæ дæн, мæхемæ еугуремæй зундиндæр нæ кæсун, фал дæн нæ фидтæлти бæрæгбæнтти кæдзосдзийнадæ лæдæрунбæл, æма мæ бон цæйбæрцæ ‘й, уой бæрцæ сæ сæрбæлдзорæг унбæл архайун. Æз дæр æрæййафтон, мæ хестæртæ сæ куд бæрæг кодтонцæ, еци фæткæ. Æма нуртæкки уавæртæмæ кæсгæй, уотæ æнгъæл дæн, æма, гъуддаг кæмæй арæзгæ ‘й, етæ гъæуама æмвæндæй байархайуонцæ еугæнæг еумæйаг фæткæ исбæлвурд кæнунбæл. Гъома, ке куд фæндуй, уотæ сæ ма «иваза» аллирдæмæ, фал бæрæггонд æрцæуа бæлвурд бон. Бæрæгбон еугур ирон адæми дæр æй, æма сæ нæ гъæуй хецæн кæнун.

## ЗÆРДИ РОХСДЗИЙНАДÆ ÆМА АРХАЙДИ КÆДЗОСДЗИЙНАДÆ СÆЙРАГДÆР ÆНЦÆ

Мæн фулдæр бæрæгбæнтти кæдзосдзийнади фæдбæл фæндуй радзорун. Ковæндони, дзиуари буни ци косарт ракæниуонцæ, уомæ нæ фидтæлтæ кæдзос цæстингасæй кастæнцæ. Исфæндæ кодтай дæ фонси æргъауæй тæккæ нарддæр равзарун æма ‘й ракосарт кæнун – уотæ гъæуама ма уа. Нивондаг дардтонцæ хецæнæй кæдзос рауæн, сауæнгæ ма имæ дзоргæ дæр фæлмæн æма лигъз æвзагæй кодтонцæ. Æ рази гъæрæй дзорун не ‘ргъизтæй. Бæрæгбони размæ ‘й гъæунгти фæррахонæ-бахонæ кæниуонцæ. Æ сиутæбæл ин бастонцæ уорс-сурх зæлдаги хæцъелтæ, цийнæ ибæл кодтонцæ. Косартгæнæг бауæрæй æма уодикондæй дæр адтæй кæдзос адæймаг. Цалинмæ косарт кодта, уæдмæ ин дзорæн нæ адтæй, не ‘ргъизтæй ин тамаку думун дæр, гъæрæй дзорун, тингунæй хе дарун. Уæхæн менеугутæй аййепгунтæ кæми зелæнтæ кодтайуонцæ, уоми дзиуæрттæ бæрæгбони кувд нæ истонцæ. Мадта косартгæнæги кардæй æндæр гъуддæгутæ дæр кæнун не ‘ргъизтæй. Еци кард фидтæлтæ сæрмагонд бунати дардтонцæ. Нæййес ковæн, сугъдигъæстæ ци бæгæни адтæй, уомæй дæр, уомæн æма сугъд æй, æма тæрегъæддзийнадæбæл нимад адтæй. Ковун гъæуй къумæл кенæ æхсирæй. Ковуни æртæкъумонтæ дæр сугъд гъæуама ма уонцæ. Зингдзæф хуаллаг куд адæймагæн, уотæ дзиуарæн дæр адгин нæй.

## НÆ УОДВАРНИ ЦИТГИНДЗИЙНÆДТÆ НИН ГЪÆУАМА ТАБУГОНД УОНЦÆ...

Еуæй-еу гъæути ковунцæ базугæй, иннæ рауæнти – иуонæй, еуæй-еу рауæнти ба – ухстбæл фезонæгæй. Фидтæлти æгъдаумæ гæсгæ, уæдта этнографион æрмæг куд амонуй, уомæ гæсгæ косартæн æ тæккæ ахсгиагдæр æма медесгундæр æнцæ хурфи дзаумæуттæ: игæр, зæрдæ, рæугутæ æма уонæй фезонæг искæниуонцæ. Зундгонд ахургонд Всеволод Миллер, Курттати коми уогæй, цæттæ кодта æрмæг археологти фæндзæймаг æмбурдгондмæ. Æма бæрæгбонмæ цæттæ кæнуни рæстæг нивонд косартгæнгæй фæуууидта уæхæн æгъдау. Фурæн косартгæнæг æ галеу къохæй æрхуæцидæ æ рахес сиуæбæл, æхседарф райсидæ æма ин æй дзиуарæвæрд искæнидæ æ тæрнихбæл, бæрзæйбæл æма æ рахес гъосбæл, цæмæй фонсæн æ фест иссодза æма æ тæф, æ фицциаг нисан уæлæрвтæмæ иссæуа, ке номбæл æй, уомæ. Ке зæгъун æй гъæуй, цæнхæ ин бадариуонцæ. Ниуæзтæй дæр ин раттиунцæ. Фал рæстæги цуди хæццæ аци æгъдау фесавдæй.

Идарддæр Миллер финсуй, зæгъгæ, фидигъæзæл ку исфицуй, уæд ухстбæл фезонæг искæнунцæ. Дзиуарилæг исковуй фезонæгæй, уомæй хай, уæдта къæбæри минкъий хай æма ковуйнаг ниуæзтæй багæлдзуй арти, райахуадун си кæнуй сувæллонæн, уæдта æртиккаг ба раниуазуй æхуæдæг. Уотемæй си рауайидæ æртæ. Хуцау нимæдзæ æртæ уарзуй, æма нæ фидтæлтæмæ дæр аци нимæдзæ кадгин адтæй.

## РÆСТÆГУТÆ НЕЦИ ФУДГИН ÆНЦÆ – НÆХЕЦÆЙ АРАЗГÆ ‘Й АЛЦИДÆР

Абони ба гъуддаг дууемæй евгъуйун кæнæн: ковæг райахуадун кæнуй кæстæрæн, уæдта ‘й æхуæдæг раниуазуй.

Хаттæй-хатт ма æримисæн нæ фидтæлтиккон бæрæгбæнтти æгъдæуттæй еуей – иуонæй кæсун. Уомæй пайда кодтонцæ недзамантæй фæстæмæ. Хæдзари ке исхæссиунцæ, уæхæн фуси иуони кæсун ка зудта, е си хуарз хабар ку нæ фæууинидæ, уæд æй кодта кæрддзæф, гъома ‘й ма базононцæ.

Уæхæн æма берæ цæмæдæрти, ка ‘й зонуй, листæг ка кæсуй, уæхæн цæмæдесаг гъуддæгутæ ма ес нæ фидтæлтиккон бæрæгбæнтти, æма сæмæ цæстæ дарун гъæуй. Еу хатт ма ‘й зæгъун: дзиуари бунмæ æнæгъдау дараси æма хотухти хæццæ цæун нæ гъæуй, е бахуæрд æма баниуæзти кувд нæй, фал Хуцаумæ, Дзиуарæмæ кæдзосзæрдæй æма уагæй исковуни, хуарзæнхитæ си ракоруни мадзал, æма, уæлдæр ци фæткитæ æма бæрцити кой ракодтон, уонæбæл алкедæр расагъæс кæнæд.

***ЕПХИТИ Тæтæри (1911-1958), финсæг: «Уарзондзийнадæ æ тухæ æвдесуй аллихузи: хаттæй-хатт хуæнхон уоддзæфау рæвдауй бæрзонд æма федар бæласи сифтæ. Фал еци сабур уоддзæф хаттæй-хатт фестуй уаддумгæ, æма еци бæласи æ бундзæфхадæй дæр фелвасуй æма ‘й рапурхитæ кæнуй!..***


БЕЖАНТИ Вадими конд хузæ.

# БИЙНОНТИ ТУХГИНДÆР СЕ ’НГОН ЦАРД КÆНУЙ!..

***Бийнонти ’хсæн карни хабæрттæ аразуни гъуддаги цæйбæрцæбæл ахсгиаг æнцæ сæ зундирахасти æмвæндæдзийнадæ æма еудзийнадæ, уой туххæй амæй размæ дæр нæ газети мухур кодтан аллихузон æрмæгутæ, нæ фидтæлтиккон таурæхътæй дæр си испайда кæнианæ, уотемæй. Æма нæ абони дæр бабæй бафæндадтæй, 8 июли бийнонти, уарзондзийнади æма æновуддзийнади Еугуруæрæсеуон бон бæрæггонд ке цæудзæнæй, уомæ гæсгæ си кæцидæрти кой ракæнун. Кадæртæ уи уони, æвæдзи, зондзæнæнцæ, кадæртæ ба сæ нур фиццаг хатт фегъосдзæнæнцæ. Фал уæддæр, махмæ гæсгæ, расагъæс кæнунæн ба æнæмæнгæ исбæздзæнæнцæ.***

## «МÆ УОД МИН БАХУАРДТОНЦÆ СÆ МИНКЪИЙÆЙ АБОНИ УÆНГÆ!..»

Нæ рагфидтæлтæй нин байзадæй уæхæн зундгин загъд: «Бийнонтæ фæйнердæмæ ку хуæцонцæ, уæд сæбæл цардамонд дæр нæ цæфсуй!..» Æма уой фæдбæл нæ адæмон исфæлдистади иссерæн берæ цæмæдесаг дæнцитæ – етæ расагъæс кæнунæн дессаги бæзгæ фæрæзнитæ ’нцæ. Мæнæ си еу.

Еу гъæубæсти цардæй æма адтæй еу курухон лæг, æ ном Дзæрæхмæт. Берæ арфиаг гъуддæгутæй фескъуæлхтæй æма фæсевæд исфæндæ кодтонцæ цитгингæнæг зар ибæл исаразун. Ку син исцæттæ ’й, уæд сæ бафæндадтæй, цæмæй ин муггаги хестæр исаргъ кодтайдæ. Бацудæнцæ æ тургъæмæ æма уоми низзардтонцæ.

Зæронд лæг сæ размæ рацудæй, райарфæ син кодта:

– Арфæ уин кæнун, æгайтима нин нæ муггагæн уæхæн кадæ искодтайтæ, гъе, фал зар айдагъ Дзæрæхмæтбæл кæнун нæ гъудæй. Уобæл кæмидæр абæргутæ исæмбалдæнцæ, æ бæх ин есунмæ гъавтонцæ, æхе ба ин марунвæндæ искодтонцæ, фал е фæттагъддæр æй æма сæ ниццагъта, æхуæдæг дæр знаги нæмугæй фæммард æй, рохсаг уæд... Уæхæн хабæрттæ ма адтæй уой размæ дæр. Фал кæд муггагæй ескæбæл зар кодтайтæ, – дзурдта идарддæр зæронд лæг, – уæд зар мæнбæл кæнун гъудæй, æ авд фуртемæй еу дæр æ коммæ кæмæн нæбал кæсуй...

*Тæрегъæддаг куд нæй еци зæронд лæг, æ цæуæтæй ка фæффудевгед æй. Уæхæн уавæри ка бахауидæ, уонæй гъæубæстæ уотæ зæгъиуонцæ: «Хуцау æй ралгъиста: æ берæ бийнонтæй еунæгæй байзадæй...»*

*Уотæ ци ниййергути хабар рауайуй, уомæй, ка ’й зонуй, етæ сæхуæдтæ дæр фудгин фæуунцæ: сæ цæуæти, куд гъудæй, уотæ нæ гъомбæл кодтонцæ, сæ уодиконди æма сæри зунди син нæ ниффедар кодтонцæ хе даруни æгъдау æма фæткитæ, лæдæрундзийнадæ, бийнонти*


САУЛОХТИ Мурати конд хузæ
«Фиди сорæт»

*æма æхсæнади ’хсæн æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг ихæстæй сæ исуаргъгин кодтонцæ. Мæнæ уин ци зæронд лæги хабар ракæнуйнаг ан, уой хузæн.*

Асæбе æ цæуæти фудуаг æма æнæсæрфат миутæй истухстæй, кæуни уæнгæ ’й æркодтонцæ æма гъарæнги хузи æ синхагæн дзоруй:

– Мæ уод мин бахуардтонцæ сæ минкъийæй абони уæнгæ. Мæхе сабийдоги мæгурдзийнæдтæ гъуди кæнгæй, архайдтон, мадта син е дæр уа, мацæмæй фæццох уонцæ, зæгъгæ. Мæхе феронх дæн – алцидæр уонæн. Æма, уæлæ Æхсарони цæуæти хузæн ахур æма размæ цæунбæл ку ниххуæстайуонцæ, уæд фæсмонгонд бæргæ нæ уайнæ.

– Асæбе, Æхсарон сæ седзæртæй, æнæ фидæй фæгъгъомбæл кодта. Седзæр цæуæт ба царди уæзæ раги бавзарунцæ.

– Гъо, æма нур мæхе рамарон? – еци гъæрзгæй нийнæфтæй Асæбе.

* * *

*Дæ зæнæг дин сæринез цæмæй ма уонцæ, уой туххæй ба сæ сабийи карæй ахур кæнун гъæуй хуæрзæгъдаубæл. Ку рабайлæгъ уонцæ, уæдта, нæбæззуйнагæй сæмæ ци рагъæр уй, уомæй ма сæ фендæрхузæн кæндзæнæ? Магъамагъа, ести ма си рауайа? Уомæ гæсгæ ба дæ сувæллони раст гъомбæладæбæл рагацау байархайæ, мæнæ уин ци лæги хабар ракæнуйнаг ан, уой хузæн.*

Еу уосæ, дан, æ сувæллони нæмуй, хуайуй æй, уæд æй æ синхаг фæрсуй:

– Уанæбæрæг ци фудмиуæ ракодта, фурнадæй æй цæмæн марис?

– Туканмæ ’й æрветун æма цæмæй е ’хца ма фесафа...

– Нур ма е ’хца æхемæ ку ’нцæ, уæд æй цæмæн уотæ нæмис?

– Æма сæ ку фесафа, уæд ма æ нæмунæй ци пайда ес? – дзуапп равардта силгоймаг.

* * *

*Еци уоси хузæн идæрдтæмæ кæсун гъæуй, рагацау архайун гъæуй, цæмæй дæ цæуæт дин зæрдæнцойнæ хæссæг исуонцæ. Цæмæй си ма рауайа, мæнæ уин идарддæр ци фуртти кой ракæнуйнаг ан, уони хузæнттæ.*

Еу мæгур косæг лæгæн адтæй авд фурти. Сæ еуемæй иннæ æнæнездæр, иуонггиндæр, фал æмхузонæй дæр зийнадæгæнагитæ. Зæнхæбæл сæмæ хуссунæй æхцæуæндæр неци кастæй, сæ еу дæр афойнадæбæл некæд фестадæй, сæумон хорискаст некæд фæууидтонцæ. Фидæ сæмæ бæргæ мæстгун кодта æма ма син ци хуасæ исараза, уой нæ зудта. Берæ сагъæсти фæсте сæмæ еу сæумæ сæ хуссæнтæмæ дзоруй:

– Биццеутæ! Дессаги хабар!.. Дæлæ Зæрæмæги къахирти сæумæцъинккæй еу лæг æрбацæйуадæй æма туман иссирдта. Фестетæ еу сæумæ сумах дæр раздæр!..

Фурттæ фиди дзубандимæ сæ хуссæни змæлгæ дæр нæ бакодтонцæ. Сæ еу хуссæггъæуагæй æ ком райвазта æма æнæбари дзоруй:

– Цæмæ нæ истун кæнис, нæ фидæ?! Еци туман кæмæй рахаудтæй, е никки раздæр фестадæй...

* * *

*Æносæй-æносмæ, фæлтæрæй-фæлтæрмæ нæ адæммæ алкæддæр карз æма федар æвæрд адтæй æнæфæккеугæ æгъдау: хестæри загъдбæл дууæ зæгъæн нæ адтæй. Хестæр дзоруй – ма ’й бахъор кæнæ, мацæмæй æй бафæрсæ, цалинмæ дзурд фæууа, уæдмæ. Мадта имæ фæстæмæ дзорæн дæр нæ адтæй. Адæймаг гъæуама адтайдæ федар иуæнгтæ æма æназун уоди хецау.*

*Еци æгъдау цæйбæрцæбæл ахсгиаг адтæй нæ фидтæлтæн, уомæн æвдесæн æнцæ, уонæй нæмæ ка ’рбахъæрттæй, еци хабæрттæ. Сауæнгæ ма цæрæгойти цардиуаги туххæй таурæхъти дæр, цæмæй етæ дæр адтайуонцæ зундамонæг.*

## БИЙНОНТИ ÆХСÆН ÆГЪДАУ ÆНÆМÆНГÆ ÆНХÆСТГОНД ЦÆУА!..

Фусти дзогæ гъæдрæбун хизтæй. Дзогæй дууæ уæрикки радзæгъæл æнцæ æма хебарæй хизтæнцæ. Зæронд фус сæмæ дзоруй:

– Фудуаг ма кæнетæ, уæрикkитæ! Дзогæй идард ма цотæ, кенæдта уæмæ ести фидбилиз æнгъæлмæ кæсуй.

Нур сæмæ берæгъ дæр къотæри ræбунæй æ цæстæ даруй æма сæмæ æ налат цъухæй дзоруй:

– Еци зæрондмæ ма игъосетæ, е уæмæ хицæ кæнуй. Æхуæдæг базæронд æй æма уæ уой туххæй нæ уадзуй хецæнæй хезун. Ма имæ игъосетæ. Уæ фæндон будурти ратæхæ-батæхæ кæнетæ!

Нæбал байгъустонцæ уæрикkитæ зæронд фусмæ æма хезгæ-хезгæй раидард æнцæ дзогæй. Берæгъ сæмæ рагæпп ласта къотæри рæбунæй æма сæ райахæста.

* * *

*Бийнонти ’хсæн цæргæй, алкедæр си æ бунат гъæуама зона, ка цæмæй ихæсгин æй, е си алкæмæн дæр гъæуама лæдæрд уа æма сæ æнæ уæлдай радзорæ-бадзорæй æнхæст кæна. Уотæ ку нæ уа, уæд сæхуæдтæ сæхецæн бæлах аразæг исуодзæнæнцæ – уомæн æвдесæн, мæнæ уин ци таурæхъ ракæндзинан, е дæр.*

Хелагæн æ сæр æма æ къæдзелæ хилæ кодтонцæ, разæй си ка гъæуама цæуа, зæгъгæ. Сæр загъта къæдзелæн:

Дуйней ци берæ аллихузон нисанеуæггин цаутæбæл нимад ка ‘й, уонæй еу – 4 июли бæрæггонд цæуй бæрæгбæнттæй уолæфуни Бон. Уæ зæрдæмæ цæуй? Бæрæгбæнттæй нæма бафæлладайтæ?


Габибулла ГАБИБУЛЛАЕВИ конд хузæ.

– Ду разæй цæун нæ бафæраздзæнæ, уомæн æма дæбæл нæдæр цæститæ ес, нæдæр ба гъостæ.

Къæдзелæ загъта:

– Кæд мæбæл цæститæ æма гъостæ нæййес, уæддæр мæмæ ес хъаурæ, æма цæудзæнæн. Ду ба æнæ мæнæй еу къахдзæф ракæнун дæр нæ бафæраздзæнæ.

Сæ дзурд кæрæдзебæл нæбал бадтæй, æма рахецæн æнцæ. Къæдзелæ сæрæй ку фæххецæн æй, уæд ма цанæбæрæг рауадæй, уотемæй бахъæрттæй зæнхи æскъудмæ æма уоми ниххаудтæй...

* * *

*Нæ фидтæлтæмæ бийнонти 'хсæн ци гъомбæладон æгъдæуттæ адтæй, уонæй беретæн сæ ахедундзийнадæ уоййасæбæл агъазиау разиндтæй, æма абони дæр æнцæ бафæнзуни аккаг. Фиццагидæр уомæ гæсгæ, æма мах адæми зундирахасти фæткитæмæ гæсгæ адæймаг ци менеугутæй гъæуама æнхæст уа, уæхæн фарнæ си ес. Зæгъæн, хестæрæн æ загъдмæ игъосун, æ фæд-*


Джованни ВЕПХВАДЗЕЙ конд хузæ

*зæхститæ ин æнхæст кæнун, кадæ ин кæнун, хуæдæфсармæ ун, кустуарзондзийнадæй æскъуæлхун æма æндæртæ. Хуарз уидæ, еци рæсугъд æгъдæуттæ нæ нури ирæзгæ фæлтæрти зундирахасти дæр федарæй-федардæр ку кæниуонцæ, уæд.*

*Бийнонти цардарæзт ка бахъор кæна, уæхæн тæссагдзийнæдтæ берæ 'нцæ. Уонæй еу – мулк син æгæр унаффæгæнæг ку исуй. Дзубанди дæр ибæл нæййес, мулк дæр гъæуй – фал бæрцæй, гъæуама æ цагъайраг ма исуай. Æма уотæ ку рауайа, уæд бийнонти карнæ додойаг исуй.*

Цардæнцæ æма адтæнцæ дууæ синхаги. Сæ еу бонгин – фонсæй сæудегергæнæг, иннæ мæгур – зæнхкосæг. Гъæздуги хæдзарæ адтæй æддæгуæле, мæгурæн ба – минкъий къæс. Агъазиау тургъæ еудадзуг адтæй мæтъæл, игъæлдзæг адæймаги унæр си некæд райгъустæй. Мæгури тургъæй ба игъустæй царди гъæр. Бийнонтæ еудадзугдæр цидæртæ архайдтонцæ, хæдзари зилдтитæ кодтонцæ, цудæй сæмæ иуазгутæ, хæстæгутæ, æма сæ игъæлдзæгдзийнади хæлхъой сæ синхонтæмæ дæр игъустæй.

Бонгини уосæ сæмæ сæ уæлдзарæй, æхе къæлæтгинбæл рауадзгæй, уæллæй бунмæ ахид кастæй, æма сæ игъæлдзæгдзийнадæй æ зæрдæ рохс адтæй, хицæ сæмæ кодта. Гъудити ранигъулидæ, мах гъæздуг ку ан, алцæмæй æнхæст, уотемæй æрхун, сагъæсхуз, царди адæ ку не 'нкъарæн; етæ фургуст ку 'нцæ, марамæлай къæбæрæй ку цæрунцæ, уæд сæмæ еци цæруни нифс æма разæнгарддзийнадæ кæцæй цæуй? Еууæхæни еци фарста равардта æ лæгмæ, æма ин е уотæ зæгъуй:

– Етæ игъæлдзæг уомæн æнцæ æма мæгур æнцæ. Мулки уæзæ æнцон хæссæн нæй. Фæндуй дæ, æма син æз сæ игъæлдзæгдзийнадæ фæссорон?

– Куд? Лæгъуздзийнадæ син маци бакæнæ! – фæттарстæй уосæ.

– Нæ. Анзи æмгъудмæ син инсæй сугъзæрийнæ соми æфстау ратдзæнæн, уæхецæн си ести фæппайда кæнетæ, зæгъгæ, æндæр неци.

Лæг куд загъта, уотæ бакодта. Æма уайтæкки мæгур лæги тургъæ æнкъард кæнун райдæдта. Бийнонти катай æма сагъæс иссæнцæ еци инсæй сугъзæрийнæ соми. Еуемæй си куд фæппайда кæнонцæ, уобæл гъуди кодтонцæ, иннемæй ба син радавунæй тарстæнцæ æма мæти бацудæнцæ…

* * *

*Аци хабар уобæл дзорæг æй, æма дæ цард зæрдæмæдзæугæй аразунæн дæ мулкæй цæйбæрцæ гъæуй, уомæй фулдæрмæ ку бæллай, уæд уомæй уæлдай амондгундæр нæ исуодзæнæ. Уомæ гæсгæ ба расагъæс кæнуни аккаг æй, мæнæ уин ци таурæхъ ракæнуйнаг ан, е дæр.*

Фидæ æма фурттæ фæббуцæу æнцæ сæ мулкбæл. Фурттæ фæстауæрцæ нецæбæл кодтонцæ, зæронд фидæ син уой нæ хатир кодта, сæ цæстæмæ син æй дардта. Дзурдта син:

– Ци нæмæ ес, етæ еугурæй дæр сумах æнцæ, æз си мæрдтæмæ мæ хæццæ неци фæххæсдзæнæн, æма сæбæл ауæрдетæ! Фæстауæрцæ кæнун зонетæ! Абони уæ ци гъæуй, е уæ исон дæр гъæудзæнæй.

Фурттæ имæ нæ игъустонцæ, æма фидæ æрсæйгæ 'й. Æ уод есгæй æ синхæгтæн ниффæдзахста:

– Кири мæ ку нивværайтæ, уæд мин мæ къохтæ мæ реубæл ма исæвæретæ, фал сæ радаргъ кæнетæ, мæ армитъæпæнтæ игон куд уонцæ, уотæ.

Рацох æй лæг, æма ин æ синхæгтæ æ фæндæ исæнхæст кодтонцæ. Æрцæуæг хеуæнттæмæ, мард кири куд æвæрд адтæй, е раст нæ фæккастæй, æма уой туххæй синхи хестæртæн рагъаст кодтонцæ. Æма син етæ ба загътонцæ:

– Æ къохтæ уотæ æвæрд æнцæ æ уосиатмæ гæсгæ.

– Уотемæй æй уадзетæ, уотемæй, – дзоруй сæмæ рохсаггагæн æ хестæр фурт дæр, – ревæд армитъæпæнтæ е махмæ æвдесуй, гъома, мæрдтæмæ мæ хæццæ мулкитæй æгириддæр неци хæссун... Цардбæл нæ ахур кæнуй, цардбæл...

## «БИЙНОНТÆ ДÆР – КИНДЗИ ЦÆРА, КИНДЗÆ ÆХУÆДÆГ ДÆР – ÆХЕ ЦÆРА...»

*Еугæр нæ дзубанди рацудæй бийнонти цард амондгунæй аразуни гъуддаги силгоймаги ахедундзийнадæ цæйбæрцæбæл агъазиау æй, уæд, æвæдзи, зæгъун гъæуй æндæр бийнонтæй сæмæ ка æрбакъахдзæф кæнуй, уони туххæй дæр, гъома, киндзити тухxæй дæр. Уой фæдбæл æнцæ нæ адæмон исфæлдистади берæ аллихузон таурæхътæ дæр.*

Еу нæуæг киндзæ косуни æгъдауæй æ къох дони дæр некæд ниттулдта: хæдзарæ не 'фснайдта, хуæруйнаг дæр нæ кодта, сæумæй афойнадæбæл некæд исистадæй. Уæд хæдзари хестæртæ – зæронд лæг æма зæронд уосæ – исфæндæ кодтонцæ сæ киндзи бавзарун. Еубон тургъи гъæрæй хилæ кæнунцæ. Сæ хъæлхъоймæ нæуæг киндзæ къæразгæй ракастæй æма сæ фæрсуй:

– Цæбæл гъæр кæнетæ, ци 'рцудæй?

– Мæнæ нæ федауæн, нæ еу дæр «дон æз исдавдзæнæн», нæ иннæ дæр «нæ, æз æй исдавдзæнæн», зæгъуй.

– Гъома, уобæл хилæ кæнун цæмæн гъæуй: раздæр уи æй уæ еу исдавæд, уæдта уе 'ннæ, – загъта син киндзæ.

* * *

…Еу хæдзарæмæ фæд-фæди æрцудæнцæ дууæ киндзи. Цанæбæрæг рæстæг си рацардæнцæ, уотемæй си еу гъаст кæнуй иннемæн:

– Айæ циуавæр хæдзарæ 'й, циуавæр? Адæймаг си æхе сор къохмæрзæнæй нæ ниссæрфдзæнæй.

– Сæумæй раздæр исистисæ æма сор къохмæрзæнæй дæхе сæрфай, – адтæй иннæй дзуапп.

*Нæ рагфидтæлтæ хумæтæги нæ зæгъиуонцæ: «Бийнонтæ дæр киндзи цæра, киндзæ æхуæдæг дæр – æхе цæра…» Уæхæн киндзæ, æ зундирахаст хуæздæрмæ рaййевунмæ ку нæ исарæхса, бийнонти 'хсæн æгæр хеваст ку уа, уæд æхецæн дæр æма бийнонтæн дæр сæринез исуодзæнæй.*

Цæветтонгæ, уæди уæнгæ еумæ ка цардæй, еци æнсувæртæй дууæ сæ хестæр æнсувæри æзнæт уоси миути фудæй фесхъæтæг æнцæ, æндæр гæнæн син нæбал адтæй æма исфæндæ кодтонцæ сæхе си рахецæн кæнун. Уæди рæстæгути куд уидæ, уотæ сæ цæрæн бунатмæ æрбахудтонцæ иуаргути. сæ хестæр æнсувæри рахецæн кæнуни тухxæй. Хабар балæдæргæй, хестæр æ кæстæр æнсувæрти фæрсуй:

– Гъæйдæ, зæгъетæ мин: цæй тухxæй иуаретæ?

Етæ ин зæгъунцæ:

– Мах дæуæй нæ байуарианæ, фал нæ дæ уосæ æнæгъæнæ бийнонтæй бахуардта.




Рустам ЯХИХАНОВИ конд хузæ.

Уæхæн дзуапп фегъосгæй, хестæр æнсувæр нийнæфтæй:

– Хуцау уин ма уа!.. Æма кæд сумах æнæгъæнæ бийнонтæй бахуардта, уæд мæн ба еунæгæй нæ бахуæрдзæнæй?

## АМОНД АЛКÆМÆН ДÆР ÆХЕЦÆЙ АРАЗГÆ ÆЙ...

Нæ абони радзубандий кæронбæттæни ба ма уин ракæнуйнаг ан Нарти таурæхътæй еуей.

Цæветтонгæ, Урузмæг цæмæдæр гæсгæ æ уосæ Сатанамæ уотæ исмæстгун æй, æма ин еци тингунæй загъта:

– Тагъд фендæ уо дæ цæгатмæ!.. Дæ хæццæ хæссæ, нæ хæдзарæй дæ цидæриддæр бафæндæуа, уони еугурæй дæр.

– Хуарз, – загъта, – фал ма мин кувд искæнуни барæ раттæ… Нартæн мæ ниуазæнтæ раттон.

Урузмæг исарази æй. Нарти адæм кувди авд æхсæви æма авд бони фæббадтæнцæ.

Урдугистгутæ ма фæстæдæр райзадæнцæ. Æма син Сатана загъта:

– А лæгбæл ма мин рацийнитæ кæнетæ!..

Уой фæсте Сатана хуæрзхаст галтæ уæрдуни исефтигъта, гуфæ байдзаг кодта фæсалæй, гобан си æритудта, гаузæй æй æрæмбарзта, æ фунæй лæги уоми æрæвардта æма уотемæй рараст æй æ цæгатмæ.

Будурмæ ку рахъæрттæнцæ, уæд Урузмæг фегъал æй – уæдмæ æрæрвонг æй. Кæсуй, æма æ фарсмæ Сатана бадуй, бæрзæ есæй галтæ размæ тæруй, æ цæсгонæй ин монти сифæй биндзитæ расорæ-расорæ кæнуй.

– Айæ кумæ цæуæн? – фæрсуй лæг æ уоси.

– Феронх ди æй, æвæдзи мæ дæ хæдзарæй ке ратардтай, е.

– Хуарз, – загъта Урузмæг. – Фал мин æй балæдæрун кæнай, мæн ба ма дæ хæццæ цæмæн ласис?

– «Нæ хæдзарæй, ци дæ бафæндæуа, уой хæссæ», мин загътай, æма нæ хæдзари мæнæн дæуæй хъазардæр, хæзнадæр нæййес, æма дæ раластон.

***

Аци таурæхъ æримисунæй уой зæгъуйнаг ан, æма Сатанай зундгин миуæ нин зундамонæнæн бæззуй – бæргæ алкедæр ни æ бийнонтæмæ, амæй хъазардæр æма зæрдтагондæр мин а дуйнебæл неци ес, зæгъгæ, ку кæсиуонцæ, уæд бийнонтæ æнхæст уодзæнæнцæ уарзон æма зæрдрохс цардæй, сæ ирисхъæ уодзæнæй фарнæй дæр æма амондæй дæр æнхæст.

Æма цæмæй уотæ уа, гъе уой тухxæй ба уин абони, бийнонти, уарзондзийнади æма æновуддзийнади Еугуруæрæсеуон бони фæдбæл арфитæ кæнгæй, ковæн нæ Исфæлдесæгмæ. Æма хестæрæй-кæстæрæй зæрдрохс æма цийнæйдзаг уотæ!..

***Æрмæг бацæттæ кодта***
***САКЪИТИ Эльбрус***
***Хузтæ ист æнцæ социалон хизæгтæй.***

*– Скажите, почему вы не позволяете мне жениться на вашей дочери? Ведь я не пью, не курю, не ругаюсь матом, не играю в азартные игры... Так почему?*
*– А я не хочу, чтобы мне каждый раз приводили вас в пример.*

☺ ☺ ☺

*– Как сошла с ума ваша жена?*
*– Мы путешествовали в горах, где прекрасное эхо. Но жена привыкла, чтобы последнее слово всегда оставалось за ней...*

## Æ ФÆЛЛОЙНÆЙ СÆРУСТУР КА УА, Е Æ ФÆЛЛАД УАДЗУНÆЙ ДÆР ГЪÆУАМА БОЗ УА!..

# ФÆЛЛАД АДÆЙМАГМÆ УОТИД ДЗОРУН ДÆР НÆ ФÆЦЦÆУЙ



*Нæ рагфидтæлтæ хумæтæги нæ зæгъиуонцæ: «Фæллад адæймагмæ дзорун дæр нæ фæццæуй...» Æма ду ба дæ фæллад исуадзунмæ куд арæхсис? Уой базонунæн дин, махмæ гæсгæ, фæййагъаз уодзæнæнцæ, мæнæ абони ци фарстатæ мухур кæнæн, етæ. Уæ дзуæппитæн аргъгонд цæуй еу баллæй æртæ баллей уæнгæ.*

**1. Кæми дæмæ хуæздæр кæсуй уолæфуни бунат?**

а) палатки – 2

б) фæлладуадзæн хæдзари – 3

в) уæлдай си нæййес, сæйрагдæр – ке хæццæ – 1

**2. Уолæфун дæ зæрдæмæ хъæбæрдæр кæми цæуй?**

а) игъæлдзæг адæми ’хсæн – 1

б) мæ хуарз зонгити хæццæ – 2

в) еунæгæй – 3

**3. Де ’мбæлтти хæццæ æрдзи гъæбеси уолæфтайтæ, уотемæй бонигъæдæ фехалдæй. Уæхæн уавæри зундгонд зартæй циуавæр дзурдтæ æрбаймисдзæнæ?**

а) «Баримахстонцæ сæхе къеренæгтæ (ромашкитæ), сæ сæртæ ’руагътонцæ къаппæ-къуппитæ…» – 3

б) «Æрдзæмæ лæгъуз бонигъæдæ нæ фæууй…» – 2

в) «Ци ’й мæнæн мет, ци æнтæф, ци сахуарун, ци къæвда, ку уонцæ ме ’мбæлттæ мæ хæццæ…» – 1

**4. Кумæдæр фæннæхстæр унмæ цæйбæрцæбæл цæрдæг дæ?**

а) гъо, еудадзугдæр цæттæ дæн ескумæ фæннæхстæр унмæ – 1

б) зæгъун æнгъезуй, дзæгъæл бадтæй мæмæ кумæдæр цæун хуæздæр кæсуй – 2

в) нæ мæ фæффæндуй – 3

**5. Æнæнездзийнадæ агъазгæнæг фæлладуадзæнбæл ци нимайис?**

а) фæссахар рауæни æрдзи гъæбеси, кенæ ба мæ дзæхæрадони (дачи)– 2

б) балцитæ, хуæнхаг дæнтти уолæнтæбæл, фестæгæй цæун, æнай-æнойти исæмбæлæг хуæдтолгитæбæл зæрдæдаргæй – 1

в) диванбæл хе рауадзгæй, телевизори спортивон кенæ аййевадон кинонивтæмæ кæсун – 3

**6. Дæ уолæфуни рæстæгæй æнхæстæй испайда кæнис?**

а) уавæртæмæ гæсгæ, хатгай мин уомæн равгæ нæ фæууй – 1

б) фулдæр хæттити мин бантæсуй – 1

в) алкæд мин нæ бантæсуй – 3

**7. Дæ гъуддæгути фæдбæл, зæгъæн, бафтудтæ, уой размæ кæми некæд адтæ, уæхæн сахармæ. Уоми ба дæ уæгъдæ рæстæг куд æрветдзæнæ?**

а) ци цæмæдесаг рауæнтæ си ес, уони хæццæ базонгæ уодзæнæ – 1

б) æрдзи гъæбесмæ дæхе райесдзæнæ – 2

в) иуазæгдони телевизори рази æрветдзæнæ рæстæг – 3

**8. Дæумæ гæсгæ, сæрдæ фæллад уадзунæн тæккæ хуæздæр рæстæг æй?**

а) æнæмæнгæ, уомæн æма сæрди хор, денгиз, рæзæ фæндон – 2

б) уолæфунæн алли рæстæг дæр хуарз æй – 1

в) тæвдæ рæстæг мин æгириддæр нæ цæуй – 3

**9. Циуавæр æмбесонд уæлдай зæрдæмæдзæугæдæр дин æй?**

а) «хуарз уолæфунмæ ка арæхсуй, е тухгиндæр æй, сауæнгæ сахартæ ка байсуй, уомæй дæр…» – 1

б) «адæймаги исконд уотæ ’й, æма еу кустæй уолæфуй, иннæ куст райдайуни уæнгæ» – 3

в) «хатгай уолæфунæй адæймаг хъæбæрдæр бафæллайуй, кусти хæццæ рабаргæй» – 2

**10. Дæумæ гæсгæ, уолæфуни рæстæг гъæуама цæй хæццæ баст уа?**

а) пайдахæссæг дæр гъæуама уа æма æхцæуæндзийнадæ хæссæг дæр – 3

б) æхцæуæн æма зæрдæмæдзæугæдзийнади хæццæ – 2

в) æнæпайда æма ионгуагъди хæццæ – 1

**Нур ба дæ дзуæппитæмæ гæсгæ искæнæн хатдзæгтæ:**

**30-24 балли.** Дæ уолæфуни рæстæг аллихузон куд уа, е дæ къохи нæ бафтуйуй, уæдта, æвæдзи, уолæфун дæр нæ зонис. Дæ кусти фæдбæл сагъæстæй дæхе еуминкъий ку фæууæгъдæ кæнай, уæд, баруагæс ди уæд, дуйне нæ рафæлдæхдзæнæй. Сæрдигон бонтæ хъæбæр тагъд райевгъуйунцæ. Уомæ гæсгæ ба дæ кустæгтæ кæронмæ рахъæртун кæнæ æма – уолæфунмæ!..

**23-17 балли.** Дæ бон æй зæрдидзæбæхæн бауолæфун. Фезонгутæ, къозотæ æмбурд кæнун, арти фарсмæ гитари зæлтæмæ игъосун… Дæхецæн еци удодибæстæ исаразунбæл ма ауæрдæ, сæрдигон зæрдидзæбæхæн ци уолæфæн бæнттæ рарветай, етæ дæ цардгъондæр кæндзæнæнцæ.

**16-10 балли.** Алли уолæфæн бон дæр дæмæ, æвæдзи, нимад æй. Дæ бон æй, дæ зæрдæмæ хæстæг ци æй, уой царди рауадзун, иннети дæр ма дæ разæнгарддзийнадæй амидин кæнун. Кæмифæнди ку уолæфай, уæддæр дæ рæстæг цæмæдесаг æма зæрдæмæдзæугæ уодзæнæй.

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се ’мбесæй фулдæрбæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй.**

**1. Алæмæти балхон Чингисхани сауæнгæ цардæгасæй нимадтонцæ уæларвон æрвист лæгбæл. Æ дæлбарæ адæмтæй федарæй æруагæс кодта, сæ паддзахеуæггæнæг зæнхон мадæ æма фидæй нæ, фал цъæхцæстæгин уæларвон сирдæй игурд ке æй, е. Бæлвурдæй ба циуавæр сирдæй?**

**а)** Берæгъ. **б)** Фæранк. **в)** Пил.

**2. Рагон бердзейнаг ахургонд Фукидид æ киунугæ «Пелопоннессаг тугъди истори», зæгъгæ, уоми куд финста, уотемæй нæ догти агъоммæ V æноси Афини сахари цæргути цуппæрæймаг хай фæццагъди ’нцæ. Циуавæр бæлахи фудæй?»**

**а)** Æстонгдзийнадæй. **б)** Рæстæг цæхгæр ке фæууазал æй, уомæй. **в)** Гъомуруни незæй.

**3. Еугур зæнхи цъари цæргути æстонгдзийнадæй фæййервæзун кæнуни туххæй япойнаг арæхстгин лæг Момофуко Андо æргъуди кодта, тагъд æма æнцонтæй рацæттæгæнæн кæмæн ес, уæхæн серæ. Япойнæгтæ си уой бæрцæбæл боз адтæнцæ æма ин æ еци æргъудигонд мадзал банимадтонцæ евгъуд æноси тæккæ ахсгиагдæрбæл. Æ фæсте ба уотæ æнæмæнгæ гъæуагæдзийнадæбæл ци нимад цæуй?**

**а)** Компакт-диск. **б)** Караоке. **в)** Плеер.

**4. Æ бауæри гъардзийнадæ тæккæ бæрзонддæр кæмæн æй, уæхæн сирдбæл нимад æрцудæй цæгаттаг уорс арс. Бауæри хурфæ ка уинуй, уæхæн дзаумауæй æй ку исесай, уæд къарæбæл разиндзæнæй айдагъдæр æ фиййи кæрон æма, ци тулфæ си цæуй, е, арсæн æ бауæр ба æгириддæр нæ зиннуй. Тæккæ минкъийдæр уорс æрситæ зæнхи цъарæбæл кæми цæрунцæ?**

**а)** Шпицбергени. **б)** Чукотки. **в)** Ньюфаундленди.

**5. Уæрæсей паддзах Елизаветæ I хъæбæр берæ уарзта деденæг лавандæ. Æ деденæнгдони косгутæ æнæгъæнæ анзи дæргъи дæр ирæзун кодтонцæ уой, æма рæсугъд деденгутæ алкæддæр уиуонцæ сæрмагонд вазити. Рæфтади рæстæг паддзах-силгоймаг финги уæлгъос некæд æрбадтайдæ, лаванди сифтæй конд варени ибæл ку нæ адтайдæ, уæд. Цума си ци дзæбæх кодта?**

**а)** Фиййи дон цæмæй ма тæдза. **б)** Мигрень. **в)** Сæкæрнез.

## ПАЙДАЙАГ АМУНДДЗИЙНÆДТÆ

**Кæнгæ цилле дзаумæуттæбæл туй æвæргæй, донæй сæ ку цъифæ кæнай, уæд сæбæл байзайдзæнæй гъолæнттæ.**

* * *

Цумуйнаг æма фидикарсти цъæппитæбæл æркæнун гъæуй ацетон, уæдта сæ къимбусæй ниссæрфун, мисатир спъирти 2-процентон тæнгъæдæй æй нихснун æма ’й уой фæсте донæй рацæхъал кæнун.

* * *

**Уорс æма хузгин хъумæцтæй худ дзаумаубæл кæсалги гъолæнттæ рæуæг сæрфт æркæнун гъæуй, кæдзос глицерин кæбæл исæрст ес, уæхæн щеткæй, уæдта ’й 10-15 минутти ниууадзун æма ’й гъар донæй æрæхснун.**

* * *

Хуæргæнасæ, болгæ, пъамидор, бетъина, фидхуасæ, гагарæзæ айдагъ хуайраг нæ ’нцæ, фал ма силгоймæгтæн бæззунцæ сæ цæсгон æма къохтæмæ зелунæн дæр.

Зæгъæн, цæмæй цæсгон исфæлмæн уа, уой туххæй æй ставдлискъæф, кенæ æндæр гагарæзи дон инсади хæццæ æзмæнстæй байсæрдæ æма ’й бауадзæ 15-20 минутти.

* * *

**Къаппа-къуппи деденгути армидзагбæл фицгæ дони агувзæ никкæнæ, æма ’й ку ниффæлсодзай, уæд еци донæй бонæ 2-3 хатти сæрфæ дæ цæсгон.**

* * *

Къохти цар хуарз фæлмæн кæнунцæ ваннитæ, еу цаййи едуги дзаг крахмал исæзмæнтæ агувзи дзаг уазал дони хæццæ, уæдта ’й никкæнæ гъар донбæл тасмæ. Уоми къохтæ фæддарун гъæуй 5-10 минутти. Ванни размæ цари скъудтæ нıссæрфун гъæуй одеколонæй. Ванни фæсте ба сæ дзæбæх ниссор кæнæ æма сæ кремæй байсæрдæ.

* * *

**Халсартæ агъаз æнцæ дзиккотæ рæсугъд кæнунæн. Зæгъæн, сæригъунтæ цæмæй ма æвзуйуонцæ, уой туххæй сæри цар исæрдун гъæуй къабускай донæй. Сæригъун федардæр кæнунæн пайда кæнунцæ гъæдзиндзæй, сурх цивзæй, дзиккайсифтæй (мать-и-мачеха) .**

* * *

Хъæбæр тауæг къæдорæцихт исæзмæнтæ æхе æмбæрцæ нæуæгдугъд æхсири хæццæ æма ’й уотемæй ниууадзæ æхсæвæ. Уой фæсте ’й никкæнæ хъумацæй конд дзæкъоли, бабæттæ ’й æма ’й нивværæ тæбæгъи, æ сæрбæл ин ести уæззау æрæвæргæй. Æхсир ку ’ртæдза, уæд къæдорæн æ уæлдай тауæгадæ фесæфдзæнæй.

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – сабати.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **300.** Заказ **№ 1398.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 03.07.2026.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 03.07.2026.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**